

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar ngeunaan (1) desain panalungtikan, (2) variabel panalungtikan, (3) sumber data panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, (5) téhnik ngumpulkeun data, (6) prosedur panalungtikan, (7) téhnik nganalisis data.

3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan pamarekan anu digunakeun nya éta pamarekan kuantitatif. Saluyu jeung ngaranna, pamarekan kuantitatif ditungtut ngagunakeun angka, timimiti ngumpulkeun data, nafsirkeun data, ogé midangkeun hasilna (Arikunto, 2006, kc. 12).

Métode anu dipake nya éta kuasi ékspérimén. Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 84) istilah *quasi experiment* atawa ékspérimén semu ogé sok disebut *pre experimental design* nya éta ékspérimén lain anu saenyana, ku kituna aya tilu rupa desain panalungtikan kuasi ékspérimén téh, di antarana: (1) *one shot case study*, (2) *pretest and posttest*, jeung (3) *static group comparison*.

Anapon desain panalutikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta *pretest and posttest*. Desain panalungtikan téh dilakukeun sababaraha tahap nya éta *pretest*, *treatment*, jeung *posttest*.

Observasi dilaksanakeun 2 kali nya éta saacan ékspérimén jeung sanggeus ékspérimén. Observasi anu dilakukeun saméméh ékspérimén (O_1) disebut *pretest* pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa. *Treatment* (X) dilaksanakeun ku cara ngalarapkeun modél *project based learning* dina pangajaran laporan kajadian. Observasi sanggeus ékspérimén (O_2) disebut *posttest* dilaksanakeun sanggeus diajar ngagunakeun modél *project based learning*. Ieu désain panalungtikan digambarkeun saperti tabél 3.1 di handap.

Tabél 3.1 Desain Panalungtikan *Pretest* jeung *Posttest*

<i>Pretest</i>	<i>Treatment</i>	<i>Posttest</i>
O_1	X	O_2

Keterangan:

- O_1 = *Pretest* atawa kamampuh awal (saméméh ngagunakeun modél *project based learning*)
- X = *Treatment* dilaksanakeunna pangajaran ngagunakeun modél *project based learning*
- O_2 = *Posttest* atawa kamampuh ahir (sanggeus ngagunakeun modél *project based learning*)

3.2 Variabel Panalungtikan

Variabel nyaéta obyék panalungtikan anu jadi puseur nalika panalungtikan (Arikunto, 2006, kc. 118). Variabel dina ieu panalungtikan bisa dititénan saperti di handap.

3.2.1 Variabel Bébas

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 119), variabel anu mangaruhan disebut variabel bébas atawa *independent* variabel (X). Variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta modél *project based learning* kaasup kana (variabel X).

3.2.2 Variabel Kauger

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 119), variabel akibat disebut variabel kauger atawa *dependent* variabel (Y). Variabel kauger dina ieu panalungtikan nya éta nulis laporan kajadian kaasup kana (variabel Y).

3.3 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina panalungtikan nyaéta subjék di mana kacangkingna hiji data (Arikunto, 2006, kc. 129). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII-A SMPN 26 Bandung taun ajaran 2022/2023 anu jumlahna 29 siswa. Bisa dititénan dina tabel di handap.

Tabél 3.2 Jumlah Siswa Kelas VIII-A SMPN 26 Bandung

No.	Jenis Kelamin	Jumlah Siswa
1	Lalaki	12
2	Awéwé	17
Jumlah : 29 siswa		

3.4 Instrumén Panalungtikan

Pikeun ngukur aya atawa henteuna sarta gedéna kamampu obyék anu ditalungtik, ngagunakeun tés (Arikunto, 2006, kc. 223). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta tés sacara tinulis mangrupa tés uraian eusina mangrupa paréntah nyieun laporan kajadian. Ieu tés téh dipaké pikeun nyangking data *pretest* jeung *posttest* saméméh jeung sanggeus dibéré treatment ngagunakeun modél *project based learning*. Format tés anu dipaké saperti ieu di handap.

Pék ayeuna caritakeun laporan kajadian anu kaalaman ku hidep, pilih salah sahiji anu ceuk hidep: (1) pikabungaheun, (2) pikasediheun, (3) pikasieuneun, (4) pikaseurieun, jeung (5) pikareueuseun. Laporan kajadian ditulis kurang leuwih tilu pada (paragraf)

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan anu dipaké nya éta téhnik tés tulis. Tés tulis digunakeun pikeun data kamampuh nulis laporan kajadian. Tés tulis dilaksanakeun saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *project based learning* dina pangajaran laporan kajadian. Tés awal (*pretest*) nyaéta tés anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho kamampuh awal siswa saméméh siswa dibéré *treatment* ngagunakeun modél *project based learning*. Sedengkeun tés ahir (*posttest*) nyaéta tés anu dilaksanakeun pikeun mikanyaho hasil ahir diajar siswa sanggeus maké modél *project based learning* dina pangajaran laporan kajadian.


Léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data nya éta saperti di handap.

- 1) Nataharkeun matéri ngeunaan pangajaran laporan kajadian;
- 2) Nataharkeun instrumén panalungtikan, wangun *pretest* jeung *posttest*;
- 3) Ngayakeun panalungtikan, ngalakukeun tés awal (*pretest*);
- 4) Ngalakukeun *treatment*, ku cara siswa nulis laporan kajadian ngagunakeun modél *project based learning*, saperti di handap:
 - a) nangtukeun proyék anu rék dihontal patali jeung nulis laporan kajadian, guru ngabimbing siswa sangkan mampu nganalisis proyék;

- b) ngararancang kagiatan anu rék dihontal patali jeung nulis laporan kajadian, siswa dibimbing ku guru pikeun nyusun rarancang proyék;
 - c) nyusun jadwal proyék anu rék dihontal patali jeung nulis laporan kajadian, sanggeus dijieunna rarancang proyék anu rék dihontal;
 - d) proyék anu rék dihontal patali jeung nulis laporan kajadian dibimbing ku guru;
 - e) nyusul hasil proyék patali jeung nulis laporan kajadian anu rék dipréséntasikeun
 - f) ngaévaluasi hasil proyék patali jeung nulis laporan kajadian anu geus dikerjakeun
- 5) Ngayakeun tés ahir (*posttest*) ka siswa sanggeus siswa nulis laporan kajadian ngagunakeun modél *project based learning*; jeung
 - 6) Kacindekan

3.6 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan nyaéta runtuyan panalungtikan anu bakal ditalungtik sangkan bisa ngagampangkeun dina prosés panalungtikan. Prosedur panalungtikan baris dijéntrékeun dina wangun bagan sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina bagan 3.1 di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.7 Téhnik Nganalisis Data

Analisis data nurutkeun Sugiyono (2011, kc. 333), nyaéta prosés néangan jeung nyusun sacara sistematis data anu dicangking tina hasil wawancara, cutatan lapangan, jeung dokuméntasi, ku cara ngaorganisasikeun data kana ketégori, dipedar kana unit-unit, ngalakukeun sintesa, nyusun kana pola, milih ma'na anu penting jeung anu diulik, sarta nyieun kacindekan sangkan bisa kacangkem boh ku diri sorangan, boh ku jalma lain.

Hal-hal anu perlu dilakukeun dina nganalisis data ieu saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa kamampuh siswa dina nulis laporan kajadian sarta dianalisis;
- 2) Méré skor kamampuh siswa dina nulis laporan kajadian tuluy dipeunteun saperti dina tabél 3.3 di handap.

Tabél 3.3 Format Peunteun Nulis Laporan Kajadian

Sasaran	Aspék	Katégori	Katerangan	Skala
Basa	Éjahan	Mampuh	Ngawasa kana éjahan, henteu aya kasalah dina éjahan)	20
		Cukup Mampuh	Cukup ngawasa kana éjahan, aya kasalah dina éjahan (<i>maximal 5</i>).	15
		Kurang Mampuh	Kurang ngawasa kana éjahan, aya kasalahan dina éjahan (<i>maximal 15</i>).	10
		Can Mampuh	Can ngawasa kana éjahan, aya kasalahan éjahan leuwih ti 15.	5
	Adégan Basa	Mampuh	Kalimah anu digunakeun éféktif, pilihan kecap keuna tur merenah.	20
		Cukup Mampuh	Kalimah anu digunakeun cukup éféktif, pilihan kecap cukup keuna tur cukup merenah.	15

Sasaran	Aspék	Katégori	Katerangan	Skala
		Kurang Mampuh	Kalimah anu digunakeun kurang éféktif, pilihan kecap kurang keuna tur kurang merenah.	10
		Can Mampuh	Kalimah anu digunakeun can éféktif, pilihan kecap can keuna tur can merenah	5
		Mampuh	Téma jeung eusi saluyu, informasi lengkep ngawengku 5 hal anu perlu diperhatikeun dina nulis laporan kajadian (waktu kajadian, tempat kajadian, saha baé anu milu kana éta kajadian, runtuyan kajadian, jeung rarasan waktu harita).	20
		Cukup Mampuh	Téma jeung eusi saluyu, informasi cukup lengkep ngawengku 3-4 hal anu perlu diperhatikeun dina nulis laporan kajadian.	15
		Kurang Mampuh	Téma jeung eusi kurang saluyu, informasi kurang lengkep ngawengku 2-1 hal anu perlu diperhatikeun dina nulis laporan kajadian.	10
		Can Mampuh	Téma jeung eusi can saluyu, informasi can ditepikeun patali jeung hal anu perlu diperhatikeun dina nulis laporan kajadian.	5
Struktur Eusi		Mampuh	Hubungan antar paragraf ngaguluyur tur sistematis, aya	20

Sasaran	Aspék	Katégori	Katerangan	Skala
	Hubungan antar paragraf		kohési jeung kohérénsi antarparagraf.	
		Cukup Mampuh	Hubungan antar paragraf cukup ngaguluyur tur cukup sistematis, cukup aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf.	15
		Kurang Mampuh	Hubungan antar paragraf kurang ngaguluyur tur sistematis, kurang aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf.	10
		Can Mampuh	Hubungan antar paragraf can ngaguluyur tur can sistematis, can aya kohési jeung kohérénsi antarparagraf	5
	Paragraf	Mampuh	Laporan ditulis minimal 3 paragraf atawa leuwih	20
		Cukup Mampuh	Laporan ditulis 2 paragraf	12
		Kurang Mampuh	Laporan ditulis 1 paragraf	8
			Jumlah	28-100

Sudaryat (2004, kc. 58) disaluyukeun jeung aspék anu dipeunteun katut skala peunteun

Skor maksimal tina tulisan siswa nya éta 100. Sangkan bisa nangtukeun skor ahir ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\sum skor\ siswa}{\sum skor\ maksimal} \times 100$$

- 3) Ngasupkeun éta data kana tabél, tabél kamampuh nulis laporan kajadian bisa diténan dina tabél 3.4 saperti di handap.

Tabél 3.4 Kamampuh Nulis Laporan Kajadian

Nomer Urut Siswa	Aspék anu dipeunteun					P	Katégori
	Basa		Eusi	Struktur			
	A	B		C	D		
1							
2							
...							
Jumlah							
Rata-rata							

Keterangan aspék anu dipeunteun:

- A = Éjahan
 B = Adegan Basa
 C = Hubungan antar Paragraf
 D = Paragraf
 P = Peunteun

Tabél 3.5 Katégori Peunteun Nulis Laporan Kajadian

Skala	Katégori
85-100	Mampuh Pisan
75-84	Mampuh
60-74	Cukup Mampuh
40-59	Kurang Mampuh
0-39	Kurang Mampuh Pisan

Nurgiyantoro (2001, kc. 399) disaluyukeun jeung aspék anu dipeunteun katut skala peunteun

Dina ieu panalungtikan, téhnik analisis data anu digunakeun nya éta uji normalitas, jeung uji hipotésis. Sangkan leuwih jéntré baris dipedar saperti di handap.

3.7.1 Uji Normalitas

Sarat ngagunakeun statistik paramétris nya éta satiap data variabel anu dianalisis distribusina kudu normal. Ku kituna saméméh nguji hipotésis perlu dilakukeun heula uji normalitas data. Dina ieu panalungtikan, uji normalitas dilakukeun pikeun nangtukeun data *pretest* jeung *posttest* nulis laporan kajadian ti kelas anu dijadikeun bahan panalungtikan distribusina normal atawa henteu.

Uji normalitas ngagunakeun uji *Shapiro-Wilk* (uji normalitas) ngagunakeun program IMB *SPSS versi 25*. Hipotésis saperti di handap.

H_0 : data distribusina normal

H_a : data distribusina henteu normal

Saupamana nilai signifikan $> 0,05$ ku kituna H_0 ditarima, hartina data sample anu digunakeun distribusi normal. Sabalikna, saupaman nilai signifikan $< 0,05$ ku kituna H_a ditolak, hartina data sample anu digunakeun distribusina henteu normal.

3.7.2 Uji Hipotésis

Uji hipotésis digunakeun pikeun nangtukeun yén hiji hipotésis anu tangtu ngeunaan populasi ditarima atawa ditolak. Dina ieu panalungtikan, uji hipotésis anu digunakeun nya éta uji *paired sample T-test* ngagunakeun *SPSS ver 25*. Sarat-sarat anu kudu kacumponan saméméh ngagunakeun uji *paired sample T-test* nya éta :

- 1) Data anu diuji nya éta data kuantitatif (data interval atawa data rasio);
- 2) Data kudu di uji normalitas jeung hasilna kudu distribusi normal (uji normalitas).

Hipotésis anu ditangtukeun nya éta H_0 (henteu aya béda signifikan antara kamampuh saméméh jeung sanggeus *treatment*) jeung H_a (aya béda signifikan antara kamampuh saméméh jeung sanggeus *treatment*). Dasar tina nyangking kacindekan nya éta:

- 1) Saupama nilai signifikansi atawa Sig.(2-tailed) $> 0,05$ ku kituna H_0 ditarima jeung H_a ditolak.
- 2) Saupama nilai signifikansi atawa Sig.(2-tailed) $< 0,05$ ku kituna H_0 ditolak jeung H_a ditarima.